

Chè paran oswa responsab:

Chak ane, enfimiyè lekòl ou a bezwen pou w ranpli **nouvo** fòm dyabèt yo epi pou oumenm ak doktè timoun lan siyen yo. Lè enfòmasyon yo ajou, sa pèmèt enfimiyè lekòl la bay pitit ou a pi bon swen.

**Nou voye fòm dyabèt 2019-2020 yo nan lèt sa a.** Tanpri voye fòm sa yo pi vit posib. Nou rekòmande pou voye fòm pou medikaman dyabèt yo **31 me 2019** pou pi ta. Sa bay doktè lekòl la tan pou li gade yo ak asire l pitit ou a resevwa sèvis ki apwouve nan kòmanse ane lekòl la an septanm. Depi doktè w la fin ranpli fòm dyabèt la, tanpri kole yon tifoto nan kwen goch anlè fòm lan pou idantifye pitit ou a kòrèkteman.

Si w pa ka voye fòm pou medikaman dyabèt la ba enfimiyè lekòl la avan dènye jou lekòl la, ou ka voye l pa lapòs nan:

DMAF Coordinator  
New York City Department of Health & Mental Hygiene  
Office of School Health  
Gotham Center  
42-09 28<sup>th</sup> Street, CN-25  
Queens, New York 11101-4714

Ou ka fakse l tou nan 347-396-8945 or 347-396-8932. Tanpri asire ou fakse touled bò fòm lan.

Si pitit ou a genyen tou yon plan akomodasyon nan lekòl la ki anplas, li ta bon pou pote demand pou renouvèlman plan 504 ou a ba kowòdonatè 504 lekòl ou a pi vit posib. sa pral pèmèt ekip 504 la fè yon reyinyon avan fen ane lekòl la ak yon plan rekòmandasyon pou ane lekòl 2019-20 an.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri pale avèk enfimiyè lekòl ou a, kowòdonatè 504 la oswa rele nan 718-310-2405.

Mèsi,



Dr. Cheryl Lawrence  
Direktè medikal  
Biwo sante nan lekòl